Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 238 (25967)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 23 декабр — цыппурсы мæйы 23 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 КЪАМИСЫ ÆМБЫРДÆЙ
Коррупцийы ныхмæ

3 АИВАД
Равдыст байгом

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Футбол

Æхсызгон хабар

Ног фæлладуадзæн бынат

Дзæуджыхъæуы бирæ рæсугъд фæлладуадзæн бынæттæ ис. Ныр ма сыл иу бафтдзæн. Æрбынæттон ис, адæм "Сапицский" кæй хонынц, уыцы хъæды-паркон иу хайы.

Аив къахвæндæгты фæйнæфарс къудзитæ сагъд, ис дзы тренажертæ дæр, бандæттæ. Йæ бакастæй зæрдæ рухс кæны, уæлдайдæр, æрвылбон ардæм тезгъо кæнынмæ чи цæуы, уыдонæн. Куыд зæгъынц, афтæмæй ацы зæрдæмæдзæугæ фæлладуадзæн бынат æрæджы дæр ма уыд зауат.

Ног аллей хæсдзæн чекистты ном. Уымæ гæсгæ, йæ байгом кæныны кадджын мадзалмæ æрбацыдысты нæ республикæйы Сæргъæлæууæг **Сергей Меняйло**, Дзæуджыхъæуы администрацийы хицау **Милдзыхты Вячеслав**, æндæр бæрнон кусджытæ, сæйрагдæр та — Æдасдзинады федералон службæйы минæвæрттæ.

Æмбырд амыдта Уæрæсейы Федерацийы Æдасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы хицау, инæлар-лейтенант **Игор Тингаев.** Райхъуыстысты Уæрæсейы æмæ Цæгат Ирыстоны гимнтæ.

Управленийы хицау арфæ ракодта, ацы хорз хъуыддагмæ йæ æвæрæн чи бахаста, уыдонæн, радзырдта Цæгат Кавказы æдасдзинады оргæнты истори хуымæтæг нæу, æгæрон хъæбатырдзинад чи равдыста адæмы сæраппонд, уыдоны номыл арæзт æрцыд ацы бынат. Афтæмæй хъахъхъæд цæуынц нæ традицитæ, нæ истори. Læг æнусмæ нæ цæры, фæлтæр фæлтæры ивы, æмæ ацы хорз фæтк дарддæр дæр кæй ахæццæ уыдзæн, уый мæ уырны. Иумæйаг у нæ архайд, — бынат кæй уыдзæн адæмæн, — загъта Игор Тингаев æмæ арфæ ракодта **Хъуыссæты Мæирбегæн**. Бæрнон адæймаг цæстуарзонæй бакуыста, цæмæй ацы рæсугъд æрдзон бынат фæзына нæ горæты.

— Нæ фыдæлтæ нын бындур цы хорздзинæдтæн сæвæрдтой, уыдон мах хъуамæ рæсугъдæй адæттæм фидæны фæлтæртæм, — загъта Сергей Меняйло. — Æдасдзинады оргæнты истори хуымæтæг нæу, æгæрон хъæбатырдзинад чи равдыста адæмы сæраппонд, уыдоны номыл арæзт æрцыд ацы бынат. Афтæмæй хъахъхъæд цæуынц нæ традицитæ, нæ истори. Læг æнусмæ нæ цæры, фæлтæр фæлтæры ивы, æмæ ацы хорз фæтк дарддæр дæр кæй ахæццæ уыдзæн, уый мæ уырны. Иумæйаг у нæ архайд, — загъта республикæйы Сæргъæлæууæг æмæ службæйы кусджытæн арфæ ракодта сæ профессионалон бæрæгбоны фæдыл.

Дыууæ азы размæ ацы рæсугъд æмæ хъæугæ хъæппæрисыл кусын райдыдта Хъуыссæты Мæирбег. Йæ алыварс æрбамбырд кодта йæхи хуызæн æнæрынцой адæм.

— "Сапицский" кæй хонæм, уыцы бынат рагæйдæр уарзон у нæ адæмæн. Фæлæ хъæдмæ дæр зилын хъæуы, æнæ мах æххуысæй æгуыдзæг кæны, схæмпæл уыдзæн. Ацы паркыл кусгæйæ, фыццаджыдæр, ардтам ивгъуыд фæлтæрты ном. Куыд зонæм, афтæмæй йæ алы азты бабæрæг кодтой зындгонд адæм, уыдонимæ, Хетæгкаты Къоста дæр.

Æдасдзинады федералон службæйы разамындимæ иумæ куыстытæм бавнæлдтам. Нæ фарсмæ æрбалæууыдысты æппæт уæлдæр ахуыргæнæндæттæ студенттæ, ахуырдзаутæ, хуымæтæг цæрджытæ. Бузныг зæгъын компанитæ "Бавария", "Деликат", завод ""Кавдоломит" æмæ иннæтæн. Дарддæр дæр архайдзыстæм, цæмæй аргъауы хуызæн рæсугъд суа. Фæстæдæр ма дзы фæзындзæн футболæй хъазæн чысыл фæз æмæ сывæллæттæн хъазæн фæз дæр. Чысыл уæлдæр та уыдзæн ботаникон дыргъдон, талатæ йын æмбырд кæндзыстæм Уæрæсейы алы рæттæй, суанг фæсарæнтæй дæр, — загъта Мæирбег, æмæ фæсидтис алы министрадтæм, ведомствæтæм, Ирыстоны мыггæгтæм, цæмæй ахæм фæлладуадзæн аллей скæнын кæй фæнды, уыдоны фарсмæ балæууой.

— Нæ фыдæлты номыл ацы рæсугъд æрдзон бынат аразæм. Хорздзинад зæгъы нæ зæрдæ алкæмæн дæр, — загъта Мæирбег. — Æнæниз царды уагмæ хъуамæ тырнæм, стырæй, чысылæй. Æмæ нын гæнæнтæ дæр ис уымæн.

ГУГКАТЫ Жаннæ

Культурон бынтæ

Бæстыхай рацараздзысты

Дзæуджыхъæуы Сабырдзинады проспекты 42-æм бæстыхайы С.М. Киракозовы æфтиагисæн хæдзары рагон уынд сног кæнынмæ хъавынц.

— Чи ис, уыцы архивон къамтæм гæсгæ, рæстæджы аххосæй фесæфæг фыццæгæм уæладзыджы къулты хæйттæ ногæй арæзт æрцæудзысты. Дуар кæй æхсæн ис, бæстыхайы раззаг къул уыцы дыууæ рудзынгимæ адих кæндзысты цыппар хайыл. Раззаг къулы хæйттæ ногæй арæзт куы æрцæуой, уæд сæ цемент æмæ змисы змæстæй байсæрддзысты, стæй сæ къулты баззайæг хæйттæм гæсгæ сахордзысты, — загъта нæ республикæйы Культурон бынты объекттæ хъахъхъæнынады комитеты минæвар.

Проект куыд амоны, афтæмæй балкъоны æмбондтæ рацараздзысты, стæй бæстыхайы фесæфæг хæйттæ ногæй сараздзысты. Объект бахъахъхъæныны фæдыл куыстытæ сæххæст кæндзæн рацарæзтон-арæзтадон компани "Скифос-РСК".

1885 азы 1-æм къорды сæудæджер Сергей Киракозов кæй сарæзта, ныронг уыцы бæстыхайы дыккæгæм уæладзыджы ис цæрæнуæттæ. Къæпхæнтимæ бæстыхаймæ бацæуæн дæр æнæхъæнæй баззад.

Нæ уацхæссæг

Парламентæй

Æххуыс — сидзæр сывæллæттæн, æфсæддон операцийы архайджытæн

Знон уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.

Депутаттæ æркастысты æмæ равзæрстой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст федералон æмæ республикон закъоны проекттæ æмæ Уæрæсейы Федерацийы иуæй-иу субъектты закъонæвæрынадон хъæппæристæ.

Финансон фарстатимæ баст республикон къорд закъоны проекттæ советы уæнгтæн сæ размæ рахаста Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдар **Хæдарцаты Аслæнбег.** Афтæ, "2024 азмæ æмæ 2025-2026 азты пъланон рæстæгмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджеты тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проекты фæдыл ныхас кæнгæйæ, Хæдарцы-фырт куыд загъта, афтæмæй, нысантæм гæсгæ, 2024 азы бюджеты æфтиæгт æ уыдзысты 46 миллиарды 370 милуан сомы, хæрдзтæ — 45 миллиарды 189 милуан сомы, бюджеты æфтиаг уыдзæн 180 милуан 943 мин сомы. Депутаты ныхасмæ гæсгæ, бюджетæн йæ ных арæзт уыдзæн социалон фарстатæ лыг кæныны 'рдæм.

Иннæ ахæм,"2023 азмæ æмæ 2024-2025 азты пъланон рæстæгмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджеты тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проекты куыд амынд ис, афтæмæй, 2023 азы бюджеты сæйраг бæрæггæнæнтæ рауадыстой ахæм: æфтиæгтæ — 51 миллиарды 903 милуан сомы, хæрдзтæ — 54 миллиарды 851 милуан сомы, афтæмæй, 2 миллиарды 800 милуан сомæй бюджет ссис кадаварджын.

Уымæй уæлдай, депутаттæ байхъуыстой, ацы азы 9 мæймæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджет куыд æххæстгонд æрцыд, уый фæдыл Хæдарцаты Аслæнбеджы раныхасмæ дæр.

"Граждæнты хицæн къордтæн сæ цæрæн хæдзæрттæм газ уадзыны фарстайы уæлæмхасæн æххуысы мадзæлтты тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проекты фæдыл ныхас кодта Парламенты цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады æмæ арæзтадон политикæйы комитеты сæрдары хæдивæг **Бердиты Кермен** æмæ загъта, ивддзинæдтæ бахæссыны хъæппæрис равдисæг кæй уыд республикæйы Сæргъæлæууæг. Документы куыд загъд ис, афтæмæй амынд æххуыс аххæсдзæн сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытыл. Кæд æмæ æфсæддон йæ хæдзармæ газ йæхи хардзæй бауагъта, уæд ын йæ хæрдзтæ фæстæмæ раздахын кæндзысты, æрмæст, закъонмæ гæсгæ, — 100 мин сомæй фылдæр нæ.

Социалон нысаниуæджы республикон къорд закъоны проекты советы уæнгтæн сæ размæ рахаста Парламенты социалон политикæйы, æнæниздзинад хъахъхъæнынады æмæ ветеранты хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæ**. Сæ иу — "Сидзæр сывæллæттæн æмæ æнæ ныййарджыты æвджид баззайæг сывæллæттæн социалон æххуысы уæлæмхасæн зæрдæдарæнты тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй" Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проект. Йæ нысан — амынд къорды сывæллæтты бартæ æмæ сæ интерестæ бахъахъхъæнын.

Закъонты проектты фæдыл ма æмбырды ныхас кодтой Парламенты Сæрдары хæдивæг **Гутнаты Аслæнбег**, профилон комитетты сæрдартæ **Черчесты Аслан, Кочораты Олег, Киситы Мурат, Джиоты Георги.**

Советы уæнгтæ æркастысты 2024 азмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты закъонæвæрынадон архайды пъланмæ æмæ сфидар кодтой Парламенты ссæдзæм æмбырды боны фæтк. Дыууæ фарстайы фæдыл дæр раныхасгæнæг уыд Парламенты Сæрдар Тускъаты Таймураз.

ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ

Кусæг балц

Сæйрагдæр — адæмы æдасдзинад

"Росгидромет" æмæ Цæгат Ирыстоны æмгуыстад фæтыхджындæр кæныны фарстатæм æркастысты республикæйы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис æмæ æрдзыл мониторинг æмæ гидрометеорологийы федералон службæйы сæргъæлæууæг Игорь ШУМАКОВ сæ фембæлды Дзанайы-фырты кусæг балцы рæстæг Мæскуыйы.

Сæйрагдæр фарстатæй иу — адæм æмæ фæзуæттæ бахъахъхъæнын зæйты рацыды æппæрццаг фæстиуджытæй. Бæлвырддæр та ныхас цыд Транскавказы хæдтулгæты фæндаджы былтыл тæссаг уадздзæгтыл. Дзанайты Барис фæбæрæг кодта ацы фарстайы вазыгджындзинад, уымæн æмæ баст у адæм æмæ инфраструктурæйы æдасдзинадимæ, стæй Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны, Алагиры районы хæххон хъæутимæ транспортон бастдзинадимæ. Фембæлды архайджытæ дарддæр æрдзырдтой зæйтæ рацæуыны ныхмæ аразгæ мадзæлтты тыххæй.

— Махæн ацы фарста алы афон дæр ахсджиаг у, фæлæ йын бынтон стыр зæрдæ дарæм федералон центр æмæ, ды разамынд кæмæн дæттыс, уыцы службæйы æххуысыл. Нæ иумæйаг хæс у адæмы цард æмæ æнæниздзинадзæн, стæй стыр транспортон фæндаг æмæ йæ егъау инфраструктурæйæн æнæкъуыхцытæ æмæ æдасæй кусыны уавæртæ саразыныл бацархайын, — фæбæрæг кодта Дзанайты Барис.

Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар ма бахахх кодта, цъititæ æмæ ихуарыны ныхмæ мадзæлтты мониторинг æнæмæнг саразын кæй хъæуы, цæмæй хъæууонхæдзарадон культурты быдыртæ æмæ регионы фæзуаты исбонад æмæ организацитæ хъахъхъæд æрцæуой. Ахæм нысан сæвæрдта РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæг Сергей Меняйло.

Дзанайты Барис æмæ Игорь Шумаков баныхас кодтой федералон службæ æмæ республикæйы æмгуыстад фæтыхджындæр кæныныл. Дарддæр ныхас цæуæдзæн уæрæхдæр форматы, архайдзысты дзы профилон министрадтæ æмæ структурæтæ. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

ГАПБАТЫ Алетæ

Хъусынгæнинаг

РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты ссæдзæм æмбырд уыдзæн 2023 азы 25 декабры 15 сахатыл Хицауады хæдзары æмбырдтæаразæн залы (Сæрибары фæз, 1).

Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2023 азы 25 декабры 14 сахатæй фæстæмæ Хицауады хæдзары фойейы.

Телефонтæ: 53-13-06; 53-33-16.

Газетфыссынад

"Рæстдзинад" — 2024 азы фыццаг æмбисæн

2024 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны сæйраг кампани райдыдта ацы азы 1 сентябры, Уæрæсейы посты бастдзинады регионалон управлени газет рафыссыны æмгъуыд адарддæр кодта 2024 азы 13 январмæ. Иннæ хæттытау ныр дæр та "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.

Фæлæ цард "зынаргъдæр" куыд кæны, афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ, хъыгагæн, уыдзæн ныр дæр. 2024 азы фыццаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1 319 сомы æмæ 10 капеччы, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1 077 сомы æмæ 30 капеккæй.

Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстоны æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.

АЛЫ ИРОН ХÆДЗАРÆН ДÆР — ГАЗЕТ "РÆСТДЗИНАД"!

Редакци

Дзырды фарн

Ныстуан... хæстæгæй хуыздæр чи сæххæст кæндзæн.

КОЦОЙТЫ Арсен

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **23 декабры,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **8-13 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **11-13 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 09,02

Хурыскаст — 07,28
Хурныгуылд — 16,30

Валютæйы аргъ

Доллар — 91,97 ↓
Евро — 101,39 ↓

12+

Æрхæндæг фембæлд

Хъæбатыр æфсæддонты хæрзиуджытæ — сæ бинонтæн

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей Меняйлойæн фембæлд уыд, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайгæйæ, чи фæмард, уыцы хъæбатырты бинонтимæ.

Республикæйы разамонæг æфсæддонты бинонтæн æмзæрдæдзинады ныхæстæ загъта æмæ сын радта, хъæбатыр æфсæддонтæ сæ мæлæты фæстæ хорзæхджын цы паддзахадон хæрзиуджытæй æрцыдысты, уыдон. Уæрæсейы Федерацийы Президенты Указæй, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайгæйæ, удуæлдайдзинад чи равдыста, уыцы æфсæддон службæгæнджыты къорд хорзæхджын æрцыдысты ''Хъæбатырдзинады орденæй'' (сæ мæлæты фæстæ).

Фембæлды архайдтой РЦИ-Аланийы фæллой æмæ социалон рæзты министр Айдарты Алинæ, республикæйы æфсæддон комиссар Владимир Скоморох, ''Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты'' федералон фонды цæгатирыстойнаг хайады директор Хетæгкаты Маринæ æмæ иннæ бæрнон кусджытæ.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Къамисы æмбырдæй

Коррупцийы ныхмæ архайды ахсджиагдæр фæзилæнтæ

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй уыд Коррупцийы ныхмæ архайды республикон къамисы ацы азы кæронбæттæн æмбырд.

Ныхасы архайæг уыдысты РЦИ-Аланийы сæйраг федералон инспектор **Сергей Гончаров**, республикон ведомствæтæ æмæ федералон структурæты регионалон дæлхайæдты разамонджытæ, стæй барадхъахъхъæнæг æмæ тыхы службæты минæвæрттæ.

Æмбырды архайджыты раз раныхас кодта Цæгат Ирыстоны Контролон-ревизион управленийы разамонæг **Дзугкойты Алан**. Управленийы хицау йæ доклады бæстон æрлæууыд, сæрмагонд пъланы бындурыл алыхуызон цæстдарæг мадзæлттæ аразгæйæ, бюджетон закъонæвæрынад æххæст кæныны хъуыддаджы цы æгъдаухæлдтытæ рабæрæг, уыл. Дзугкойы-фырты ныхасмæ гæсгæ, ведомствæйы специалисттæ фыццаградон æргом здæхтой, национ проекттæ æмæ нысанмæ арæзт программæты уагæвæрдтæ æххæст кæнынæн цы фæрæзтæ дихгонд цыд, уыдон раст хардз кæнынмæ. Уымæй уæлдай, Контролон-ревизион управленийы минæвæрттæ бæстон æркастысты, паддзахадон æмæ муниципалон нысаниуæджы æлхæнинæгтæ кæныны фæдыл бадзырдтæ куыд æххæстгонд цыдысты, уымæ дæр. Управленийы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, ахæм цæстдарæн мадзæлттæ æххæст кодтой РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы амынддзинадмæ гæсгæ.

Управленийы архайдæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Сергей Меняйло ведомствæйы разамындæн бахæс кодта, цæмæй дарддæр дæр бæстон цæстдард уа национ проекттæ æмæ нысанмæ арæзт программæты фæтк æххæст кæныны хъуыддагмæ, паддзахадон æмæ муниципалон нысаниуæджы æлхæнинæгтæ кæныны фæдыл бадзырдтæ аразынмæ.

Æмбырды раныхас кодтой РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы цур Коррупцийы ныхмæ тохы фарстаты фæдыл управленийы разамонæг **Баскаты Эльбрус** æмæ æндæр ведомствæты минæвæрттæ дæр. Уыдонæн сæ раныхæсты сæйрагдæр уыдысты коррупцийы ныхмæ архайды къабазы паддзахадон политикæйы уагæвæрдтæ æххæст кæныны фарстатæ.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Партион архайд

Кусæг къорды доклад

Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинойнæгтæ кæуыл сæмбæлынц, ахæм вазыгджын фарстатæ лыг кæныны фæндон кæм хæссынц, сæрмагонд æфсæддон операцийы фæдыл кусæг къорды уыцы дæсæм доклад барвыстой Уæрæсейы Президентмæ.

Кусæг къорды ног фæндæттæ бар дарынц æфсæддонтæн æххуысы уæлæмхасæн мадзæлттæн.

— Хæссæм æххæстгæнинаг хъуыддаг рæстæгмæ бауромыны рæстæг сæрмагонд æфсæддон операцийы хæсдарæг архайджыты хыгъдтæй гæрæнтæ сисыны фæтк фæбæлвырд кæныны фæндон. Хъуыддаг рæстæгмæ куы бауромынц, фæлæ гæрæнтæ куы баззайынц, ныронг ахæм уаварæтæ кæй сæвзæрынц, уый аххосæй æфсæддон службæгæнджытæн фæрæзтæй (уыимæ — хæстон фиддонтæй дæр) уæгъдибарæй пайда кæныны фадат нæ вæййы. Хæссæм хæстон архайды ветерантæ æмæ инвалидтæн æнæ радæй медицинон æххуыс райсыны (дохтырмæ хи рагацау ныффыссыны æууæл нымайгæйæ) фæткыл бакусыны æмæ йæ сфидар кæныны фæндон. Ныртæккæ закъонмæ гæсгæ адæмæн æнæ радæй медицинон лæггæдтæ райсыны бар ис, фæлæ медицинон лæггæдты бæлвырд фæткы цухдзинады аххосæй ветерантæ дохтыртæм бафтынц иумæйаг бындуртыл, — загъта кусæг къорды разамонæг, политикон парти "Иугонд Уæрæсе"-йы Генералон советы нымæрдар **Андрей Турчак**.

18 азы кæуыл сæххæст æмæ скъола каст чи фæци, хицауы бынатхсæг адæймаг бахаста æфсæддон службæгæнджыты бинойнæгтыл ахæм сывæллæтты банымайыны фæндон (ахуырад цы аз фæци, уыцы азы 1 сентябры æмгъуыдмæ).

Уымæй уæлдай, бахастæуыд сæрмагонд æфсæддон операцийы фæмардуæвæг архайджыты бинойнæгтæн уæлæмхасæн зæрдæдарæнтæ æмæ разæнгарды мадзæлттæ сфидар кæныны (ацы адæм пенсион ифтонгады æнæпаддзахадон системæйы программæмæ гæсгæ æхцайы дардæмгъуыдон æфснайæнтæ саразынмæ кæд хъавынц, уæд), стæй нывондæн хæссыны бадзырдмæ гæсгæ ист исбоны регистрацийы тыххæй паддзахадон фиддон аивыны фæндæттæ.

Уымæй уæлдай, хицауы бынатахсæг адæймаг куыд загъта, афтæмæй кусæг къорды куырдиатмæ гæсгæ бæстæйы Нымæцон рæзты министрад бацæттæ кодта æфсæддон службæ цæуыны рæстæг мобилон бастдзинады лæггæдтæ рæстæгмæ бауромыны фæдыл куырдиæттæ барвитыны фæткы тыххæй чырæгон оператортæн радтинаг фæндæттæ.

Кусæг къорды фæндонæй декабры кæй сфидар кодтой, Андрей Турчак Президентæн уыцы закъонты: 2020 азы 11 августæй фæстæмæ æфсæддон службæгæнджытæ кæд фæмард уой, уæд æнæмæнг æххæстгæнинаг паддзахадон фæдзæхстадмæ гæсгæ пайдаисджытыл æцæг хъомылгæнджыты банымайыны; куыстмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеранты чи исы, уыцы куыстуæттæн социалон амалиуæггæнджыты уагæвæрд радтыны; скъолайы аттестаты бæрæггæнæнтæ, стæй нысанмæарæзт ахуырады фæдыл бадзырд ис æви нæй, уый нæ нымайгæйæ, колледжтæ æмæ техникумтæм ахуырадмæ, фыццаджыдæр, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты æмæ сæ цоты исыны; барадхъахъхъæнæг оргæнты кусджытæ сæрмагонд æфсæддон операцийы кæд фæмард уой, уæд цæрæнуатон фиддон райсынæн сæ бинойнæгтæн зæрдæдарæнты тыххæй закъонтæ.

"Иугонд Уæрæсе"-йы Генералон советы нымæрдар, Федерацийы Советы Сæрдары фыццаг хæдивæг Андрей Турчак кæй сæргъы æрлæууыд, уыцы кусæг къордмæ хауынц Федералон Парламенты дыууæ палатæйы, æппæт парламентон партиты æмæ Хъахъхъæнынады министрады минæвæрттæ, стæй æхсæнадон организациты раздзогтæ æмæ зындгонд æфсæддон уацхæссæг.

Политикон парти "Иугонд Уæрæсе"-йы цæгатирыстойнаг регионалон хайады пресс-службæ

Ахуырад

Æргом урок

Цæгат Ирыстоны Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ куыд фехъусин кодта, афтæмæй Дзæуджыхъæуы Космонавтикæйы скъолайы ацыд æргом урок.

Урочы архайдтой Алайнаг гимназы космосон къласы, Мæскуыйы 2127-æм скъолайы, стæй Мæскуыйы облæсты горæт Королевы 9-æм гимназы ахуырдзаутæ. Тæхæг-космонавт, Уæрæсейы Хъæбатыр **Сергей Кудь-Сверчков** æмæ Конструкциаразæн динамикæйы хайады хицауы хæдивæг **Дмитрий Кузнецов** ахуырдзаутæн "Хъæбæрдзаумайы зиллаккы динамикæ"-йы темæйыл урок амыдтой. Уымæй уæлдай, дунеон космосон станцæйæ дзургæйæ, космонавттæ **Олег Кононенко**, **Николай Чуб** æмæ **Константин Борисов** урочы архайдтой. Фæсивæдмæ уыд, цы фарстытæ сæм сæвзæрд, уыдон амынд адæймæгтæм радтыны бар.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: 2020 азы космосон конструктор, Советон Цæдисы Паддзахадон премийы лауреат, Лавочкины номыл наукон-куыстадон иугонды сæйраг специалист Къомайты Русланы фæндонæй æмæ амынд рæстæг нæ республикæйы разамонæг **Битарты Вячеславы** æххуысæй Дзæуджыхъæуы байгом кодтой Космонавтикæйы скъола.

"15-æм регион"

Регионалон бастдзинæдтæ

Нæ республикæйы уазджытæ

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО йæ телеграм-каналы куыд фехъусын кодта, афтæмæй Запорожьейы облæсты Черниговскаг районæй дæс хистæркъласоны æрбацыдысты нæ республикæмæ.

"Фæсивæд ам кæй арвитдзысты, уыцы æхсæз бонмæ сæм æнхъæлмæ кæсы мидисджын, бирæвæрсыг ахуырадон-туристон программæ: "Ретро-трамвай"-йæ Дзæуджыхъæумæ экскурси, мастер-класстæ "Туристон минимум" æмæ "Дурыл ныв", стæй балцытæ Национ музеймæ, планетаримæ, Куырттаты, Дæргъæвсы, Хъæрмæдон æмæ Дыгуры кæмттæм. Нæ республикæйы уазджытæ бабæрæг кæндзысты ахуырадон центр "Вершина" æмæ ма ноджыдæр бирæ алыхуызон мидисджын объекттæ фендзысты", — фыссы регионы разамонæг.

Сергей Меняйло куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй амынд районæй скъоладзаутæ нæ республикæмæ фыццаг хатт не 'рбацыдысты. Зæгъæм, сæрды нæ республикæйы уазджытæ сæ фæллад уагътой дзæбæхгæнæн лагерты, стæй архайдтой центр "Вершина"-йы арæзт ахуырадон курсыты.

Амæй размæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ куыд фехъусын кодтой, афтæмæй Цæгат Ирыстон æмцегад кæны Черниговскаг районыл.

"15-æм регион"

Барад

Æдасдзинады фæтк

Дзæуджыхъæуы Цæгат-Ныгуылæйнаг районы прокуратурæ æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад ''Газпром межрегионгаз Владикавказ''-ы кусæг нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.

Ацы адæймаджы аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 216-æм статьяйы 1-æм хайы ("Æнарæхстдзинады фыдæй адæймаг кæй аххосæй фæсахъат, куыстытæ æххæст кæныны рæстæг æдасдзинады фæтк ахæм уагæй фехалын") амынд фыдракæнд саразынæй.

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, фыдракæнд саразынæй кæй аххосджын кæнынц, уыцы адæймаг, фарон 15 июны амынд куыстуаты дæлхайæдтæй иуы хицауы бынат ахсгæйæ, кусджыты бригад арвыста Дзæуджыхъæуы Гугкайы-фырты æмæ Леоновы уынгты тигъыл газуадзæны хайыл газæй тæссаг куыстытæ сæххæст кæнынмæ (ацы куыстытæ æдасæй баххæст кæнынæн ахъазгæнæг мадзæлттæ нæ бацæттæ кæнгæйæ).

Æдасдзинады техникæйы фæтк фехалгæйæ, стæй кусджыты цард æмæ се 'нæниздзинад тæссаг уаварæ æвæргæйæ, закъонхалæг адæймаг сæрмагонд цæттæдзинад нæацæуæг адæймæгтæн куыстытæ æххæст кæныны бар æнæзакъонæй кæй радта, фидаргонд домæнты аккагуæвæг ифтонггæрзтæй куыстытæ сæххæст кæнынæн фадæттæ кæй нæ сарæзта, стæй уæлдæфы уавармæ цæстдард кæй нæ сæххæст кодта, уыдæтты аххосæй стыр бæрцæй рахъарæг газ судзын райдыдта æмæ афтæмæй 4 кусæджы фæсахъат сты.

Уголовон хъуыддаг барвыстой Дзæуджыхъæуы Советон районы тæрхондонмæ бæстон ыл æрныхас кæнынмæ.

Юлия КОЛЛЕГОВА

Цæстæнгас

Дуртæ æмбырд кæныны афон

''Къоппа'' кæй хуыдтой, уыцы наухонæг галикарнасаг Гегесипп йæ раныхасы Афинæйы цæрджыты Филиппы ныхмæ ардыдта; æмбырдæй чидæр ныхъхъæр кодта: ''Уæдæ дæ хæст райдайын фæнды?!'' ''О, — дзуапп радта Гегесипп, — хæст дæр, саударын дæр, бирæ дзыллæ кæм æрæмбырд уа, ахæм ныгæнæн бон дæр, цырты раз раныхæстæ дæр, кæд нæ, македойнæгты амындмæ гæсгæ нæ, фæлæ сæрибарæй цæрын фæнды, уæд''. Уыцы рæстæджы бердзенæгты зæрдæйыуаг афтæ æвдыста Плутарх.

Ныртæккæ мах дæр Украинæйы арæнтыл, растдæр зæгъгæйæ та — хæстмондаг иугонд Ныгуылæны ныхмæ тохы куынæг кæнæм, бирæ рæстæг йæ сырдон цæсгом чи 'мбæхста, уыцы нацистты. Афтæ сæ цæсгом суагътой Ныгуылæны паддзахæдтæ дæр, ницæмæйуал æфсæрмы кæнынц, давын æмæ стъигъыныл нæ ауæрдынц. Уæрæсе бирæ рæстæг архайдта хæст нæ райдайын, хъуыддаг æнæ æфсæддон тыхæй алыг кæныныл, фæлæ уымæн нæ фæахъаз сты нæдæр бадзырдтæ, нæдæр æргом ныхæстæ. Афтæ сбæлвырд, гæрзифтонг ныхмæлæудæй фæивгъуыйæн кæй нæй.

Уæрæсейы разамынд сæрмагонд æфсæддон операцийы райдайæнæн равзæрста, кæд афтæ зæгъæн ис, уæд æппæты пайдайагдæр рæстæг, уымæн æмæ, кæд зынгсирвæзтæй фæивгъуыйæн нæй, уæд дæхæдæг хъуамæ бандзарай, дымгæ дæуырдæм куыд нæ кæна, ахæм рæстæг. Фæлæ цыфæнды куы уа, уæддæр хæст зын хъуыддаг у, уымæн æмæ размæцыды пълæнттæ фæстæдæрмæ аргъæвын бахъæуы, цæмæй уаварæ уæззау бæллæхмæ ма расайа.

Кæй зæгъын æй хъæуы, сæрмагонд æфсæддон операци ныл уæззау уаргъ сæвæрдта. Уыцы уаварты инфляцийæн æнæ сырæзгæ нæ уыд, æмæ, куыд уынæм, афтæмæй рæзы. Нæ паддзахады знæгтæ сæ архайд фæкарздæр кодтой, Уæрæсейæн знаггад кæнынц ноджы стырдæр удцыренæй. Нæ ауæрдынц сæ райгуырæн бæстæйыл, нæ адæмыл цъыфкалæн æмæ æргом диверситæ кæнынæй. Фæлæ иуæй та уый хорз у — дæсгай азтæ, йæхи æмбæхсгæйæ, йæ марг чи 'мбырд кодта, уыдонæй сæрмагонд службæтæ не 'хсæнад сыгъдæг кæнынц.

Зын рæстæг знæгтæ сæ сæр сдарынц. Афтæ дзурынц, кадавар, æмæ уый фæстиуæгæн, карчы айчы бæрзонд аргъ, дам, "къухæй арæзт" цæлхдур у. Чидæр, дам, барæй продукттæ сафы, цæмæй адæм мæсты кæной æмæ уый фæстиуæгæн бæстæйы политикон уаварæн сæнкъуысын кæной. Уæлдайдæр та ма нæ зæрдыл хорз лæууы, ахæм "трюкæй" Горбачевы рæстæг æнтыстджынæй кæй спайда кодтой. Фæлæ ныры дуджы ахæм фæндтæ сæххæст кæнæн нæй. Уыдонæй спайда кодтой, цæмæй Горбачев æмæ уæды, архайынхъом чи нал уыд, Советон Цæдисы уыцы разамонджытæ сæ бынæттæй фæхауой.

Ныр ма стæм хатт райхъуысы сидт: "Путин, ацу!" Æмæ кæд "Путин, ацу!", уæд та "Чи приходи?" Сæхæдæг дæр æй нæ зонынц, "чи приходи", сæ куратортæ сын æй нæма загътой. Фæлæ иу ницæйаг митингмæ "Навальныйы фæдон" фæндзæмкъласон æрбацæуæдзæн æмæ радзурдзæн, ГУЛАГ-ы йæ æмбал Сталин хъизæмарæй куыд мардта, уый тыххæй.

Ис бирæ æвæлмаст адæймæгтæ, цæрынц ахæм девизимæ: "Мах галиуæрдыгæй дæр не стæм, рахизæрдыгæй дæр, цы цаутæ цæуы, уыдонмæ ницы бар дарæм". Афтæ сæм кæсы, цыма Уæрæсе æмæ коллективон Ныгуылæны ныхмæлæуддзинад доны иннæ былгæрон зынгсирвæзт у. Цыфæнды сын дзур — нæ сæм бахъардзæн, уымæн æмæ, куыд фæзæгъынц, агуыридур цыфæнды тынг куы фæхафай, уæддæр дзы дзæнхъа дур нæ рауайдзæн.

Ныййарджытæ сæ цот æмæ уыдоны цотæн егъау хæстæ куы ныууадзой, уæд уый стыр трагеди у. Уымæй æвзæрдæр хъуыддаг — нæ фæстæ цы фæлтæртæ уыдзæн, уыдонæн, кæронмæ чи нæ ахæццæ, кæнæ та райдайынмæ чи хъавы, ахæм хæст ныууадзын.

Ныртæккæйы тæссаг уаварæ нæ рæстæг домы кæрæдзимæ æнгом æрбалæууын, зæрдæхудтытæ ферох кæнгæйæ. Ахæм заман адæм, уыцы тасдзинад æмбаргæйæ, фæцæуынц сæ сæрхъуызойы фæдыл, афтæ домы уаварæр. Ам иудзинад, куыд никæд, афтæ фыццаг бынатмæ рацæуы. Фысты дзуджы дæр ма раздзог вæййы. Æппæт зындзинæдтæ химæ райсын, фæстæдæрмæ сæ нæ æргъæвын — уый у фидæны амондджын царды бындур. Хуымæтæджы нæ зæгъы италиаг æмбисонд: "Змæст, æмтъеры рæстæджы зын цæрæн у, фæлæ уый сабыр æнæмаст, дзæбæх цардмæ дуар у".

Юрий ПЕТРОСОВ, æхсæнадон уацхæссæг

Мæздæджы районæй

Юбилейы кадæн

Уæрæсейы Национ гвардийы æфсæдты дзæуджыхъæуккаг иугонды æфсæддон службæгæнджытæ Мæздæджы æфсæддон хайыл 30 азы кæй сæххæст, уый кадджын уагæй сбæрæг кодтой.

Бæрæгбоны архайдтой æфсæддон-политикон куыстæй æфсæддон зылды командæгæнæджы хæдивæг, инæлар-майор **Сергей Черноиванов**, Мæздæджы районы администрацийы сæргъæууæг **Адырхаты Руслан,** динамонæг иерей **Андрей Раснянский**, æфсæддон хæс æххæст кæныны рæстæг фæмардуæвæг адæмы хиуæттæ æмæ æфсæддон службæгæнджытæ.

— Конституцион фæтк хъахъхъæныны хъуыддагмæ аккаг æвæрæн хæсгæйæ, полчъы æфсæддон службæгæнджытæ æхсæнадон æдасдзинадæн фадæттæ кæй аразынц, уымæй сæ сæрыстыр стæм, — ныхас кæнгæйæ, загъта Сергей Черноиванов.

Службæйы хæстæ æххæст кæныны рæстæг фесгуыхæг æфсæддон службæгæнджытæн радтой зынаргъ лæвæрттæ æмæ грамотæтæ. Æмбырды архайджытæ номарæн цыртдзæвæныл дидинджытæ сæвæрдтой, фæмардуæвæг хæстон æмбæлтты рухс нæмттæ мысгæйæ, æдзæмæй алæууыдысты æмæ фæстæдæр кадджын уагæй рæнхъгай ацыдысты.

Бæрæгбоны кæрон районы Культурæйы галуаны равдыстæуыд концерт.

УФ-йы Национ гвардийы æфсæддон федералон службæйы РЦИ-Аланийы Управленийы пресс-службæ

Аивад

Равдыст байгом

Дзæуджыхъæуы Историйы музейы байгом равдыст "Владикавказ. Связь поколений в фотоискусстве Федосеевых".

Экспозицимæ бахастой **Федор** æмæ **Сергей Федосеевты** ист 35 къамы. Нæ республикæйы сæйраг горæты рагон цард къамты чи бахъахъхъæдта, амынд адæймæгтæ нымад сты Дзæуджыхъæуы ахæм азфысджытыл. Дæсгай азты дæргъы горæты царды цавæр ивддзинæдтæ æрцыд, къамтæ исыны куыст дарддæр хæццæ кæнын. Хорзæрдæм нæм бирæ ивддзинæдтæ кæй æрцыд, уый рахатыдтæн, — зæгъы Федор Федосеевы фырты фырт Сергей.



— Дзæуджыхъæумæ ногæй æхсызгонæй æрбацыдтæн. Ацы горæтимæ мын бирæ бастдзинæдтæ ис. Нырыккон литературæйы фарстатыл кæм ныхас кодтой, Дзæуджыхъæуы ацæуæг ахæм сфæлдыстадон æмбырды разæнгардæй архайдтон, — загъта Уæрæсейы Фысравдысты æвæрд къамты фæрцы уый рахатæн ис.

Уæрæсейы Культурæйы фонды регионалон хайад æмæ æхсæнадон змæлд "За наш Владикавказ"-ы фæндонæй кæй æххæст кæнынц, равдыст байгом кæныны цау банымайæн ис ахæм культуронбæстæзонæн проект "Осетия — взгляд в будущее"-йы кæронбæттæн дзыллон мадзæлттæй иуыл. Равдысты фæткмæ гæсгæ ацæуæг æмбырд "Нравственные ориентиры современной литературы"-йы архайдтой Цæгат æмæ Хуссар Ирыстонæй, стæй Белгород æмæ Стъараполы крайæ фысджытæ.

— Рагзаманты Дзæуджыхъæуы чи уыд æмæ дзы чи цард, зæронд къамты уынæм ахæм бæстыхæйттæ æмæ адæмы. Ацы адæм нæ горæты истори сфæлдыстой. Адæмы, уавæртæ æмæ бæстыхæйтты джыты цæдисы уæнг, æфсæддон журналист **Геннадий Алехин.**

САУТÆТЫ Тамилæ

Бæрæгбоны агъоммæ

Фестивалы архайдта

Цæгат Ирыстоны сæйраг Митын Дада, Дзæуджыхъæуы театр "Саби"-йы артист ГАППЫЗАТЫ Григори архайдта Карелийы ацæуæг Митын Дадаты 21 æппæтуæрæсеон зымæгон фестивал "Митын Дадаты олонецаг хъæзтыты".

Фестивалы архайæг Митын Дадатæ скъолатæ æмæræвдауæндæтты зыгъуыммæ зарджыты мидис амыдтой, трактор ивæзтой, стæй лыжæтыл дугъ кодтой.

— Ацы дзыллон мадзæлтты фæрцы рагон зонгæтæ кæрæдзиимæ фембæлынц, стæй кæрæдзийæн сæ фæлтæрддзинадæй рахай кæнынц. Уымæй уæлдай, фембæлдтыты фæрцы бæстæйы алыхуызон регионты минæвæрттæ кæрæдзи базонынц. Ацы аз фестивалы фыццаг хатт архайдтон. Бæстæйы регионты минæвæрттимæ фембæлдтыты фæрцы мæм æвæджиауы æнкъарæнтæ сæвзæрд. Цыма аргъауы бæстæйы дæн, фестивалы æртæ боны ахæм уагæй ацыдысты, — загъта Гаппызайы-фырт.

Цыппар азы фæд-фæдыл Гаппызаты Григори Цæгат Ирыстоны номæй архайдта Мæскуыйы ацæуæг Митын Дадатæ æмæ Митæты Национ университеты форумы, ацы аз та Гаппызайы-фырт архайдта Ханты-Мансийскы арæзт Митын Дадаты 14 дунеон съезды. Фондз азы дæргъы Григори гом кодта нæ республикæйы сæйраг зазбæлас, Митын Дадайæ та ацы нæлгоймаг бакуыста, æмткæй райсгæйæ, 30 азы дæргъы.

Нæ уацхæссæг

Фæзминаг — алкæмæн дæр

Фæллойуарзаг бинонтæ

Бузарты бинонты Лескены алчидæр зоны. Зонынц та сæ æнгом, фæллойуарзаг, фæзминаг бинонтæй. Хæдзары хицау Батрадз æмæ йæ цардæмбал, кæсгон чызг Жаннæ Нахушева хъомыл кæнынц авд сывæллоны.

Æрæджы республикæйы Сæргъæуæг Кады ныхантæ радта бирæсывæллонджын сылгоймæгтæн. Уыдонимæ, Цæгат Ирыстон-Аланийы "Хъæбатыр мад"-ы кадджын ном райста Жаннæ дæр, ныйиарæджы хæстæ быхсонæй, бæрнонæй кæй æххæст кæны, уый тыххæй. Сæхи сыгъдæг фæллойæ бинонтæ цы хæдзар сарæзтой, уым нæ суазæг кодтой. Йæ алы къуым дæр — аив æмæ хæрзæфснайд.

Батрадз 16 азы бакуыста хъæууон скъолайы историйы ахуыргæнæгæй, кад ын уыд скъоладзаутæ æмæ ахуыргæнджыты 'хсæн. Ныр бирæсывæллонджын фыд дары хи хæдзарад, хъомтæ, фыстæ, кусынц цæхæрадон, иууылдæр иумæ зымæгмæ холлæгтæ бацæттæ кæнынц.

— Бæркад хи фæллойæ цæуы, — арæх фæзæгъы Батрадз. Ныйиарджыты хуызæн фæллойуарзаг рауадысты Дарьянæ, Алинæ, Фатимæ, Зауырбег, Мæдинæ æмæ Алыбег. Æппæты кæстæр Мæхæмæтыл кæд ныр ма фондз азы цæуы, уæддæр, хистæрты фарсмæ балæууы.

— Хотæ æмæ æфсымæртæ кæрæдзийæн стыр ныфс сты кæддæриддæр, сывæллон хæдзары фидауц у, бинонты кæрæдзиуыл бæттæг. Ууыл хъуыды кæнгæйæ, мах фæндыд бирæ сывæллæттæ хъомыл кæнын. Мæхицæн дæр бирæ хотæ æмæ æфсымæртæ ис æмæ йæ зонын, уый стыр амонд кæй у, — зæгъы Жаннæ.

Хæдзары æфсин алцæмæ дæр у хæрзарæхст, фæллад цы у, уый зонгæ дæр нæ кæны. Ис æм цыппар дуцгæ хъуджы, æхсыр, сойджын цыхтытæ, царв сæм кæддæриддæр фаг ис. Йæ уалдзыгон хуымтæм бирæтæ бахæлæг кæнынц, халсарты талатæ сæхи æмæ сæ зонгæты, сыхæгты фаг дæр вæйнынц.

— Ме 'фсин Цъеуты Фузæ мæ бирæ цæуылдæрты сахуыр кодта, фыццаг хатт ирон чъиритæ дæр иумæ скодтам. Ныртæккæйы царды бирæ удæнцойдзинæдтæ ис, æмæ цæмæй нæ кæстæртæ раст фæндагыл цæуой, æвзæр митæ ма кæной, ууыл архайын хъæуы, — зæгъы Жаннæ.

Бузарты кæстæртæ иууылдæр скъолайы хорз ахуыр кæнынц. Хистæр æртæ чызджы та скъола сыгъзæрин майдантимæ фесты каст. Дыууæйæ ахуыр кæнынц медицинон академийы, æртыккаг хо та у фидæны юрист, ахуыр кæны Хæххон-металлургон институты. Лæппутæ алцæмæй æххуыс кæнынц Батрадзæн, ис сæм 20 гектары уыгæрдæнтæ, уым хос æрцæттæ кæнынц зымæгмæ, техникæ дæр ис йæхимæ, стæй æххуырсгæ дæр бакæны. Уæдæ нартхор, æндæр холлæгтæ дæр зымæгиуатмæ æрцæттæ кодтой фаг.

Куыстуарзаг бинонтæ сты æгъдауæй, æфсармæй хайджын, уыдон та — адæймаджы хуыздæр миниуджытæ.

ГУГКАТЫ Жаннæ,
къам систа
ХЪАЙЫРТЫ Дианæ

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Зын цард æмæ тæссаг уавæры къахдзæфтæ

Фарн уæм бадзурæд, Ирыстоны цæрджытæ, æмæ фæрнæйдзагæй, æнæнизæй, уæ кæстæрты рухсæй, амондимæ, зæрдæрухсæй цæрут фидарæй, сæрыстырæй. Æз газет "Рæстдзинад" кæсын ме 'взонджы бонтæй абоны онг. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг кæд саби уыдтæн, уæддæр немыцы æрбацыд хорз хъуыды кæнын, æмæ мæ фæнды мæ мысинæттæ газеткæсджыты размæ рахæссын.

Райгуырдтæн æмæ схъомыл дæн Хъарман-Сындзыхъæуы. 1942 азы, фæззæджы, немыц æрбацæуынц, зæгъгæ, алыгъдыстæм хъæдмæ, Бадзийы коммæ. Хистæртæ мусонг скодтой, зæххыл гобæттæ байтыдтой, æмæ уым хуыссыдыстæм уазалы.

Рæстæг цыди, бонтæ згъордтой. Цы хæринæгтæ нæм уыдис, уыдон скуынæг сты. Хъæды кæрон уыдис нартхоры быдыртæ. Иу бон сыхы ас æвзонг лæппутæ, семæ ма чырыстонхъæуккаг Толасты лæппу, афтæмæй бричкæ уæрдонæй ацыдысты дзенкъордзуан, нæ хистæр æфсымæр Басыл дæр семæ. Фæлæ æрдæгфæндагыл уæрдонæй рахызт, æмæ фалдæр, рахизæрдыгæй цы нартхоры зæхх уыдис, уырдæм бацыд, иннæтæ дарддæр сæ цыды кой кæнынц. Цас ма ацыдысты, уый чи зоны, фæлæ, иннæ фæндагмæ куы фæзылдысты, уæд сыл минæ схæцыд, æмæ дæ фыдгул афтæ фæуæд...

Иу бон хъæдмæ æрбацыд бæрзонд къæсхуыртæ лæг, чи уыдис, уый хистæртæй ничи базыдта, сыхы цæрджыты æрæмбырд кодта æмæ уæзданæй загъта, уæ цæрæн хæдзæрттæм, дам, рацæут, немыц, дам, уæм нæ бавналдзысты, ма тæрсут. Адæмы сразы кодта, фæлæ иу сыхаг сылгоймаг хъæрæй загъта: "Минæты фæндæгтыл хъуамæ ацæуæм, цæмæй æмхуызонæй фесæфæм, уый дæ фæнды?". Æмæ та уыцы лæг афтæ: "Æз уæ разæй цæудзынæн уæ хæдзæртты онг", æмæ, æцæгдæр, рацыд немæ. Хъæумæ куы бахæццæ стæм, уæд немыцаг бæрзонд, стыр машинæтæ, "студебеккертæ" сæ хуыдтой, уынгты рæгъ-рæгъæй лæууынц, немыц згъорынц уæд иуæрдæм, уæд иннæрдæм, афтæмæй алчидæр йæ хæдзар ссардта.

Иу бон немыц амбырд сты, сæхи арæвдз кодтой, сæ машинæты абадтысты æмæ фæауыон сты. Адæм цин кодтой, ацыдысты, зæгъгæ, фæлæ сæ цин бирæ нæ ахаста. Дыккаг бон æд машинæтæ, æд хæцæнгæрзтæ æндæр немыцæгтæ æрбагуылф кодтой æмæ зилдух кодтой кæртыты, хæдзæртты, цыма цыдæр агуырдтой, афтæ. Æртыккаг бон цыппар немыцаджы фæмидæг сты хæдзармæ æмæ нæ федде кодтой скъæты сæрмæ, уыцы уазалы. Мæ хистæртæ Басыл, Батырбег, нæ хо Ханиффæ, цæхæрадонæй баст нартхоры куыристæ æрбахастой æмæ сæ кауы хуынчъытыл сæвæрдтой хæрдмæ, иннæ куыристæй та зæхх æрæмбæрзтой хуыссæн гобæттæн.

Рацыд ма къорд боны. Дыууæ немыцаджы мæ хистæр æфсымæр Батырбеджы акодтой суг сæттынмæ кæртмæ, амад кæм уыдысты, уырдæм, фæрæт ын йæ къухы ныссагътой, сугтæ сæтт, зæгъгæ. Фæлæ Батырбег фæрæт иуварс аппæрста æмæ ралыгъд. Дуаргæрон цы немыцаг лæууыд, уый йæ ацахста æмæ йæ нæмын байдыдтой. Ахауд, зæххыл хуыссы, уыдон æй цырыхъытæй хойынц, уæд — иу, уæд — иннæ, æз та сæм кауы хуынкъæй кæсын сусæгæй æмæ кæуын. Батырбег нал змæлыд, æмæ йæ ныууагътой зæххыл хуысгæйæ. Сых фæфæдис сты, амбырд сты, тилынц æй иуæрдæм, иннæрдæм, архайынц, цæмæй йæхимæ æрцæуа, æмæ иу кæддæр æрчъицыдта. Æз, уыцы уавæр фенгæйæ, бартхъирæн кодтон, фæлæуут, зæгъгæ. Нæ сыхы рæгъ-рæгъæй уынджы фæндагæй иуварс цы машинæтæ лæууыд, уыдон уыдысты бæрзонд. Куы 'рталынг, уæд хæрынкъаимæ рацыдтæн, машинæйы бын-иу бабырыдтæн æмæ-иу, разæй фæстæмæ цы телтæ быд уыдис, уыдон ныллыгтæ кодтон. Райсомæй сæ шофыртæ æрæмбырд сты, ракъах-бакъах кæнынц, фæлæ — дзæгъæлы.

Нæ хæд фарсмæ цардысты мæ фыды æфсымæры бинонтæ, мæ фыды æртæ æфсымæры уыдысты хæсты быдыры знаджы нымæ тохы. Иу бон Стахантæм (нæ фыды æфсымæры лæппу афтæ хуынд) фæмидæг стæм. Стыр къæлидоры дæргъæй-дæргъмæ рæгъыл цæгтыл дамбацатæ ауыгъдæй лæууыдысты. Немыц цæлгæнæны сихор кодтой. Æз даргъ бандон бавæрдтон, слæууыдтæн ыл æмæ дамбацатæ тъыссын мæ роны, чи дзы нал цыдис, уыдон та дæттын ме 'фсымæрмæ æмæ ралыгъдыстæм. Нæхимæ фæмидæг стæм. Нæ хистæр æфсымæр Басыл дамбацатæ куы ауыдта, уæд нæ сусæгæй скъæты фæмидæг кодта, уыцы тарстхуызæй, ныллæг сусæг хъæлæсæй нæм дзуры: "Уый цы бакуыстат? Ацы хабар немыц куы базоной, уæд не 'ппæты дæр фехсдзысты. Ныр — сарамæ згъоргæ, куыд ничи уæ фена, афтæ, æмæ уым хъазут, разгъорбазгъор кæнут, кæрæдзийы сурут". Басыл иунæгæй аззад, кæцæйдæр дзæкъул æрбаскъæфта, дамбацатæ уым ануæрста æмæ сусæгæй, хъуызгæ-хъуызын ацыд цæхæрадоны уазæгдонмæ æмæ сæ уым иугай ауагъта, йæхæдæг цыма йæхи хъуыдыйы уыдис, уыйау йæ хæлафы цæппузыртæ æвæргæ рацыд, мыйиаг мæ исчи куы фена, уæд мыл ма фæгуырыскхо уа, зæгъгæ. Махмæ куы 'рбахæццæ, уæд нын бафæдзæхста, уæ дзыхыл хæцут, кæннод уæ саундздзысты, зæгъгæ.

Немыц куы базыдтой дамбацаты хабар, уæд сæрра сты, ратæхбатæх кæнынц, агурынц, сгарынц, джигул кæнынц иу ран, иннæ ран, хæдзари-хæдзар. Сых кæрæдзийы рафæрс-бафæрс кæнынц, цы хабар у, зæгъгæ, фæлæ дзуапдæттæг нæй. Дыккаг бон дамбацатæ цы немыцæгты уыдысты, уыдон машинæйы бакалдтой æмæ сæ кæдæмдæр аластой.

Нæ дæле æртыккаг хæдзары, Охъазтæм, уыдис немыцы штаб. Штабы инæларæн уыдис сау рæсугъд машинæ, "лимузин", зæгъгæ. Немыц лидзынвæнд скодтой. Шофыртæ сæ машинæтæм зылдысты. Инæлары шофыр машинæйы картер ныхсадта æмæ йæ хурмæ хус кæнынмæ æрæвæрдта. Уыцы рæстæг мах æртæйæ — æз, Стахан, Дзабайты Авган, уынгты фæцæйцыдыстæм. Охъазты кæртмæ куы бахæццæ стæм, уæд кæсæм, æмæ алюмин картер хурмæ цæхæр калы. Немыц змæлæг нæй, æмæ сын æз афтæ, картер адавæм æмæ дзы, зæгъын, уæрдон скæндзыстæм. Уыдон мын уыцы тарстхуызæй: "Цытæ дзурыс, немыц нæ фехсдзысты", æмæ алыгъдысты. Æз иунæгæй аззадтæн, ракæс-бакæс кæнын, стæй картер фелвæстон æмæ йæ цæхæрадæтты нæхимæ смидæг кодтон. Уыцы рæстæг мæ фыды æфсымæры бинойнаг, Джерджыты чызг, Пагуæ, йæ дыууæ хъæбулы æмæ йæ сæры хицау æртæйæ дæр немыцы ныхмæ хæсты быдыры фесæфтысты — йæ пецы плита асаст, хæринаг кæм кодтаид, уый йын нал уыд, æмæ царди махимæ. Уый мын мæ къухы картер куы ауыдта, уæд æй уыцы иу скъæфт акодта, ай мæ пецæн замманайы плита у, зæгъгæ. Немыц хæдзаргай фæзылдысты, джигул кодтой сыхæй-сыхмæ, марынæй æртхъирæн кодтой. Уæд мемæ чи уыдис, уыдонæй чидæр фæтарст æмæ мæ мадæн радзырдта, Сталин, дам, адавта картер, æмæ, дам, æй амардзысты. Уыцы ныхас мæ мад Олинка куы фехъуыста, уæд сыхыл æрзылд æмæ сын бафæдзæхста: "Уæ фарн бирæ, Сталин æм ма дзурут, Таймураз хуыйны. Немыц æй амардзысты". Фæлæ мæ чидæр банымыгъта. Мæ уæлæдарæс мын мæ мад æхсынмæ бавæрдта, æмæ сынтæджы бадтæн, мæ къæхтæ мæ быны бакодтон, афтæмæй. Дыууæ немыцаджы уыцы цыренæй æрбасхъиудтой сырдты хуызæн. Сæ иу мæ цонгыл фæхæцыд, æмæ мæ цæлхъ фæцыд дуары тарвазыл, тæрных фескъуыд, туг фемæхст. Дамбаца мын мæ ныхыл сæвæрдтой æмæ хъæр кæнынц, цы дзурынц, уый не 'мбарæм. Бинонтæ фæтарстысты, цъæхахст систой. Æз мæ рыст нæ бамбæрстон мæ фыр тæссæй, туг цæстытæ сæхгæдта. Бинонтæ фæфæдис сты, сых æрæмбырд сты кæртмæ, афтæ уыцы рæстæджы уынгты сцæйцыд, сау бæхыл бадгæ, пъæлицай Къодоты Гасбо. Уый хъæуы скъолайы уыдис немыцаг æвзаджы ахуыргæнæг æмæ ныхас кодта сыгъдæг немыцагау. Йæ къухы — ехс, афтæмæй фæмидæг хæдзармæ. Немыцаг мæ ныхæй дамбаца нæ иста, иннæ фашист мæм хæстæг никæй уагъта. Уæд Гасбо ехсы хъæдæй уыцы-иу риуыгъдæй немыцагæн йæ къух æрцавта. Йæ дамбаца зæхмæ æрхауд, уый йæ рæвдз фелвæста æмæ йæ Гасбойы ныхыл сæвæрдта. Гасбо сæ дыууæмæ дæр хъæрæй немыцагау дзуры. Немыцаг нæ сæтты, стæй иу афон дамбаца айста, фæлæ мæ ныхæй нæ исы дамбаца иннæ немыцаг. Гасбо мæ æрсабыр кодта мæ кæуынæй æмæ мæ фæрсы, цы, дам, радавтай машинæйæ. Ницы, зæгъгæ, кæугæйæ дзуапп радтон. "Куыд ницы, маргæ дæ кæнынц, уый нæ уыныс? Ныртæккæ дæ агæрах кæндзысты. Охъазты кæртæй цы рахастай?" Мæхимæ гыццыл куы 'рцыдтæн, уæд фæсæрæндæр дæн æмæ ныхъхъым-ныхъхъымгæнгæ загътон: "Дæлæ сæ кæрты цыдæр тасы хуызæн уыдис æмæ дзы, зæгъын, уæрдон скæндзынæн". "Æмæ кæм ис уыцы "хъазæн?" Басыл фембæрста хабар, азгъордта, Пагуæйы хæдзармæ смидæг æмæ йæ срæдывта пецы сæрæй, асыгъдæджытæ йæ кодта, ахсадта йæ æмæ йæ æрхаста. Немыц уæддæр дамбаца мæ ныхæй нæ истой, фæлæ сæ Гасбо басаста йæ ныхæстæй, мæн та ферваэзын кодта. Куыд рабæрæг, афтæмæй немыцæгтæ раджы алыгъдаиккой, фæлæ, штабы инæлар куыд алыгъдаид æнæ машинæйæ. Уыйадыл цалдæр боны фæфæстиат сты сæ пъланæй, афтæ нæхионтæ фæзындысты. Инæлар йæ фæсдзæуинты къордимæ куы фæцæйлыгъд, уæд сæм Чырыстонхъæуы, Урсдоны сæрты цы хид ис, уый бын æнхъæлмæ кастысты нæхиуæттæ. Инæлар хиды хъусмæ куыд фæцæйхæццæ кодта, афтæ нæхионтæ æваст сæ уæлхъус алæууыдысты æмæ сæ ацъипп ластой. Гасбо 25 азы фæбадт, стæй куы суæгъд, уæд сæ радзырдта.

Гъе, ахæм цаутæ мæ зæрдыл дарын абоны онг, ахæмæй бахъуыды кодтон Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цаутæ 1942 азы Ирыстоны, Хъарман-Сындзыхъæуы.

МÆРЗАТЫ Сталин,
Беслæныхъæуы ветеранты
советы сæрдар

Спортивон фидиуæг



Футбол

"Алани" тырндзæн уæлдæр къордмæ

"Алани"-йы вице-президент Гуыриаты Данил æмæ йæ ног сæйраг тренер Евгений Калешин телекомпани "Ирыстон"-ы комкоммæ эфиры фембæлдысты спортивон журналисттимæ.

Данил æмæ Евгений æргом дзуаппытæ радтой журналистты фарстатæн æмæ радзырдтой, 2024 азмæ сæм цы фæндтæ ис, уыдоны тыххæй.

Евгений Калешин загъта: "Нæ нысан у премьер-лигæмæ рацæуын. Уыл кусын райдайдзыстæм январы. Ныртæккæ командæйы ис 29 футболисты. Мах бафæлвардзыстæм се 'ппæты дæр, æмæ командæйы баззайдзысты æппæты хуыздæртæ. Цæмæй ахæм бæрзонд нысанмæ тырной, уый тыххæй хъуамæ алы футболист дæр йæхиуыл куса æнæрлæвугæйæ. Командæйы хъазджытæ хъуамæ уой æмзонд æмæ иумæ тырной сæ размæвæрд нысан сæххæст кæнынмæ. "Алани"-йы ис, ныр цалдæр азы командæйы удуæлдайæ чи хъазы, ахæм футболисттæ. Уыдоныл нæ ныфс дарæм æмæ нæ уырны, нæ размæ цы хæс сæвæрдтам, уый кæй сæххæст кæндзыстæм".

Гуыриаты Данил фарста: "Командæйы базæ арæзт кæд фæуыдзæн?"-æн радта ахæм дзуапп: "Махæн нæ сæйрагдæр хæс у нæ стадион афоныл сцæттæ кæнын. Ныртæккæ не 'ппæт тыхтæ дæр сарæзтам уырдæм, уымæн æмæ æнæ базæйæ ис премьер-лигæмæ рацæуæн, æнæ стадионæй та нæ фæндаг уыдзæн æхгæд. Ацы фарста лыггонд куы 'рцæуа, уæд нæ базæйыл дæр læмбынæг бакусдзыстæм".

Евгений Калешин æмæ Гуыриаты Данил журналистты фарстатæн цы дзуаппытæ радтой, уыдонæй ныфс бауагътой Ирыстоны футболуарзджыты зæрдæты, иннæ аз нæм цымыдисаг футболон сезон кæй æнхъæлмæ кæсы, уымæй.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Аивад

Цардыл æууæнчы спектакл

Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры уыд зындгонд драматург, РЦИ-Аланийы адæмон артист АЙЛАРТЫ Асæхмæты пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакл "Дæ зæрдæмæ ныккæс"-ы премьерæ. Йæ режиссер-æвæрæг — УФ-йы сгуыхт æмæ РЦИ-Аланийы адæмон артист, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат СÆБАНТЫ Тамерлан.

Драматург йæ уацмысы равдыста, царды зындзинæдтæй сæ уд æрдуйæ нарæгдæр кæмæн ссис, ахæм дыууæ адæймаджы хъысмæт. Хъысмæт сын ахæм зынтæ æвзарын кæны, æмæ сæ дыууæ дæр сæ цардыл сæ къух ауигъынмæ цæттæ разынынц.

Фембæлынц, сæхи цы донмæ хъуамæ ныппарой æмæ æнустæм цардыл сæ къух цæй фæрцы ауигъдзысты, уыцы доны был. Ныхасгæнгæйæ, чызг æмæ лæппу кæрæдзийы зæрдæйы ахаст бамбарынц, сæ цард сæм æгъуыз æмæ æнад нал фæкæсы, уарзты арт сын сæ тар-мылаз хъуыдытæ асуры. Æмæ сын уыцы æнкъарæнтæ радтынц сæ цард бауу кæныны, бинонтæ саразыны тых.

Спектаклы архайынц нæ театры, куыд астæуккаг фæлтæры, афтæ кæстæр кары артисттæ — **Цæллагты Сослан, Æлбегаты Ларисæ, Боциты Заремæ, Туаты Маринæ** æмæ **Михаил**.

— Бинонтæ, хиуæттæ, къабæзтæ, мыггаг кæрæдзи куыннæ фембарынц, хатыр кæнын куыннæ зоной, кæрæдзимæ куыннæ хъусой, уæд сæ уаг æмæ ахаст кæрæдзимæ, цæмæ расайы, уыцы фарстатæ зын бахынцæн вæйнынц, чи сæ банывыл кæны, кæмæн та цардмæ фыдæхзæрдæ дарыны æфсон фæвæйнынц. Ахæм у спектаклы сæйраг хъуыды. Царды тых æмæ мæлæтыл хъуыды кæрæдзиимæ цы хуызы быцæу кæнынц, рухс дзы тарæй ныфсдæттæг дæр кæй басгуыхы, уый нын равдисынмæ хъавы автор. Спектакл нæ театры чысыл сценæйы кæй равдыстам, уымæй йæ ахадындзинад вазыгджындæр цы фæци, æндæр нæ фæлæмæгъ. Ахæм хуызы нæ театры артисттæ, цыма, сценæйæ театрдзаутæм цы хъуыды хæссынц, уый уырнинагдæр у, афтæ мæм кæсы, — дзырдта нын Сæбанты Тамерлан.

Спектакл "Дæ зæрдæмæ ныккæс" театрдзаутæн сæ бон фенæн уыдзæн ацы мæйы кæронмæ æмæ ма ног театралон афоны дæр.

ГАСАНТЫ Валери

Æмбисæндтæ

Зиу æмæ иу æмхуызон не сты.

❋❋❋

Зиууæттимæ ничи быцæу кæны.

❋❋❋

Зиууон адæм æфсад сты.

❋❋❋

Хъæуы 'хсар бирæ у.

❋❋❋

Хъæугæндхалæг — адæмæй æлгъыст.

❋❋❋

Хъæуæмвыд нæ кæуы.

❋❋❋

Æмбырдмæ фарн кæсы.

❋❋❋

Æмцард, æмхæрд, æмнозт!

❋❋❋

Æмдых æмæ æмзонд адæм хох дæр фæлдахынц.

❋❋❋

Нарт дæр æмдыхæй архайдтой.

❋❋❋

Нартау æмвæнд — уæларвмæ фæд.

❋❋❋

Адæмыл хур дæр не 'ххæссы.

❋❋❋

Адæмы бон бирæ у.

❋❋❋

Фылдæр адæм кæцырдыгæй уой, тых дæр уыцырдыгæй ис.

❋❋❋

Адæмы тых нæ сæфы.

❋❋❋

Адæмы фыдæхы бæсты мæ Хуыцауы фыдæх уæд.

❋❋❋

Адæмы фарн бирæ у.

❋❋❋

Адæмы фарн Хуыцауы фарнæй тыхджындæр у.

❋❋❋

Хорз адæмæй фарн цæуы.

❋❋❋

Адæм кæрæдзийæн — Хуыцæуттæ.

❋❋❋

Адæм læгæн — зæрдæнцой.

Хъомылад

Мадæлон культурæйы талатæ

Ног Бæтæхъойыхъæуы сывæллæтты рæвдауæндонмæ бацæуæджы дисы бафтауы дыууæ хъуыддаджы: йæ сæргъæлæууæг æмæ дзы мадæлон æвзагмæ, сабиты хъомыладмæ ирон культурæйы бындурыл цы куыст цæуы, уый.

Нинæ Чеканова — курскаг чызг, 90-æм азты йæ сæрыхицауимæ Ирыстонмæ куы ссыд, уæд иронау иу дзырд дæр нæ зыдта. Ныр йæ ныхасыхъæдмæ фау не 'рхæсдзынæ, цы цыппар чызг æмæ læппуйы балæвар кодта Цъыккатæн, уыдон дæр сахуыр кодта ирон фарн æмæ æгъдауыл. Йæ куыст æнгом баст у сывæллæтты хъомыладимæ. Цы къорды сæргъы læууы, уыдонимæ архайы канд æвзаг зонын нæ, фæлæ æгъдæуттыл дæр. Уымæн æвдисæн, рæвдауæндоны цы чысыл музей сарæзтой, уый. Йæ экспонаттæ сты ирон хæдзары дзаумæттæ, уæлæдарæс, авдæн æмæ сафайы рæхыс, æртыкъахыг фынг, йæ уæлæ доны хыссæйæ æртæ чъиринйы, афтæмæй. Ирон æвзаджы уат — музей аив у ирон тематикон нывтæй.

Сывæллæттимæ иууылдæр дзурынц иронау. Цæстуынгæ æрмæгæй, гаджеттæй уæрæх пайда кæнынц сæ куысты, алыхуызон æмвæзады конкурстæм сывæллæтты цæттæ кæнгæйæ. Арæх сваййынц сæ уæлахиздзаутæ. Уымæ стыр æвæрæн хæссы рæвдауæндоны ирон æвзаг ахуыр кæныны фæдыл хъомылгæнæг Гутонаты Маринæ. Сырх дипломимæ Хетæгкаты Къостайы номыл университеты скъолайы агъоммæйы педагогикæ æмæ психологийы хайад каст фæуыны фæстæ сахуыр кодта курсыты æмæ ныр дæс азы йæ зонындзинæдтæй пайда кæны йæ куысты. Къуыри дыууæ хатты архайы сабитæн ирон æвзаджы сусæгдзинæдтæ райхалыныл, конкурстæм сæ цæттæ кæны. Суанг ын кусгæ бон куы нæ вæйнынц, уæддæр сæм æрбацæуы, зоны, æнхъæлмæ йæм кæй кæсынц. Ног технологитæй арæхстджынæй пайда кæны, арæх саразы тематикон презентацитæ.

Рæвдауæндоны стыр æргом здахынц сывæллæтты раст дзурынадмæ. Абайты Фатимæ, йæ куыст хорз чи зоны, ахæм логопед у. Раст æмæ аив дзурынныл ахуыр кæны, рæвдауæндонмæ цы 52 сабийы цæуы, уыдоны. Уæвгæ, сæ уды хъарм æмæ зонындзинæдтæй рæзгæ фæлтæрæн æнæвгъау дæттынц хъомыладон кусæндоны æгас коллектив дæр.

Тагъд ралæудзæн ног аз — сабиты уарзондæр бæрæгбон, сывæллæттæ йæм уæлдай разæнгардæй цæттæ кæнынц. Ногбон, хæдзаронтæ, иннæ ирон бæрæгбæттæ зæрдæрухсæй арвитдзысты сæ уарзон хъомылгæнджытимæ.

ХУЫБИАТЫ Ларисæ

Радон номыр

"Ногдзау" мыхуыр кæны

Мыхуыры рацыд сывæллæтты журнал "Ногдзау"-ы ацы азы æхсæзæм номыр.



Журналы æрмæджытæ æнæхъæнæй дæр Ног азимæ баст кæй сты, уымæ гæсгæ райдайы Ног азы арфæтæй: "...2024 аз ахæм амондхæссæг разынæд, æмæ дзы алчидæр разыйæ куыд баззайа! Сабитæ ахуыры бæрзæндтæм куыд тырной, хистæртæн та сæ куысты бæркадæй уды бæркад фылдæр куыд кæна! Цæмæй тæрсут, уымæй хызт куыд уат, цæмæ бæллут, уымæй та — хайджын! Рынчын кæмæ ис, уый йæ Ног азы дзæбæхæй куыд фена, уæ бæлццæттæ та тагъд рæстæджы зæрдæрайгæйæ хæдзарыл куыд сæмбæлой, ахæм арфæ уæ уæд!

Ног аз æнтыстджын æмæ фæрнæйдзаг уæд! Бæркадджын æмæ йæ амондджын аз фæкæнæд Хуыцау адæмæн.

Журналы зæрдæмæдзæугæ сты Алагиры 3-æм скъолайы ахуыргæнинаг Гогаты Аминæт æмæ Цхинвалы 7-æм къласы ахуырдзау Гуыбиаты Сосланы æмдзæвгæтæ — "Ног аз", "Рог систæ"

Журналы "Зымæгон равдыст"-ы (Аивадон студи "Мариа") фенæн ис Саутæты Мариайы, Токаты Даринæйы, Даринæ Лехтманы нывтæ.

Рубрикæ "Номыры" — Беларусь", зæгъгæ, уый бынмæ бакæсæн ис беларусаг сывæллæтты æмдзæвгæтæ æмæ цыбыр æрмæджытæ: Женя Гришин, Алинæ Будай, Федор Главатских, Дашæ Вилисова... 2023 азы сывæллæтты журнал "Ногдзау" æмæ "Агентад "Минск — ног хабæрттæ" бафыстой бадзырд иумæйаг архайды тыххæй.

Сабитæн цымыдисаг уыдзæн, Митын дада алы бæстæты куыд хуыйны æмæ цы хорздзинæдтæ æрхæссынц, уый: Ирыстоны, Уæрæсейы, Италийы, Германы, Францы, Швецийы...

"Ногдзау"-ы конкурсты уæлахиздзаутæ", зæгъгæ, уым сты алыхуызон конкурсты уæлахиздзауты къамтæ сæ ахуыргæнджытæ æмæ хъомылгæнинæгтимæ. Ног азы бæрæгбоны тыххæй журналы бакæсæн ис Бызыккаты Земфирæйы, Сечъынаты Майæйы æмдзæвгæтæ, Уæллаг Фыйнагдоны 10-æм къласы ахуыргæнинаг Куыдзиаты Азæмæты эссе "Амонды фæндагыл".

Журналы ис филворд, базон-базонтæ, сканворд, дзырдбыд æмæ ма æндæр æрмæджытæ дæр.

Журнал сæ нывтæй саив кодтой нывгæнджытæ: Абайты Аркади, Айларты Владимир, Гаппуаты Наталья.

АБАЙТЫ Эдуард

Дзырдбыд



Дзуаппытæ 16 декабры мыхуыргонд дзырдбыдæн

ФÆРСЫРДÆМ:

1. Фæтæн. 4. Астæу. 6. Еугæф. 8. Рæхыс. 9. Уæлфад. 11. Ивадæг. 14. Гуылмыз. 16. Кæрвæдз. 17. Æхсæрсæттæг. 20. Дуг. 22. ... æмæ... . 24. Згæ. 26. Уаг. 28. Хæлардзинад. 29. Ахæстон. 31. Гонголи. 33. Гæбына. 35. Алæмæт. 36. Минас. 38. Хлепа. 39. Ирдгæ. 40. Læсæн.

БЫНЫРДÆМ:

1. Фурд. 2. Тох. 3. Неси. 5. Сæлфынæг. 7. Æмдзæвгæ. 9. Уыгард. 10. Арм. 12. Вар. 13. Гæзæмæ. 15. Зæрдæвæрæн. 16. Къæбæлдзыг. 18. Сыхуыл. 19. Тыхтон. 21. Уырг. 23. Мæра. 24. Зыланг. 25. Æхсæмбал. 26. Удгоймаг. 27. Гæлиат. 30. Тын. 32. Нил. 34. Амал. 35. Асин. 37. Нас.

ФÆРСЫРДÆМ: 1. Фæлгонц, хуызист. 7. Хъомдон. 11. Уæлæдарæс æфснайæн. 13. Æнæнизы хос ирон адæмон сфæлдыстады. 14. Сабыр, æгуыппæг. 15. Ирон адæмон кæфтыты ансамбл. 17. Дымæг. 18. Ирон хъæу Мæздæджы районы. 19. Цад Австралийы. 21. Сæдæ азы. 23. Усгуры фиддон рагон ирон царды. 27. Хæринаджы хъацæн. 28. Зæхкусæджы кусæнгарз. 30. Куыдзы мыггаг. 31. Донхауæн. 32. Адæмы зондахастыл аудæг. 34. Гагадыргъ бæлас. 35. Къахы хай. 36. Рагон бердзенаг æмбисæндтæдзурæг. 37. Хъазæн сывæллоны æвзагæй. 40. Цæрæгойы хуылфыдзаума. 44. Арæзтадон æрмæг. 47. Саджы мыггаг. 48. Æрвылбоны дарæс. 49. Нымæц. 52. Къахыр, уыгард. 53. Хæдзары мигæнæн. 54. Галты ифтындзæн. 55. Гагадыргъ. 56. Цæугæдон Архангельскы облæсты.

БЫНЫРДÆМ: 2. Рог дымгæ. 3. Дуарæхгæнæн, цасм. 4. Хæдзары хай. 5. Тæнгъæд сыгъдæггæнæн. 6. Ирон зындгонд, Советон Цæдисы адæмон артист. 8. Музыкалон уацмыс. 9. Ирон адæмон сфæлдыстады сырдты бардуаг. 10. Læппын сæгъ. 12. Æмхуызон хъару. 15. Ирон фыссæджы фæсномыг. 16. Бахчайы культур. 20. Чысыл хъæддаг цæрæгой. 21. Дзыллæ, адæмы иудзинад. 22. Тыхдымгæ. 24. Раст, læгъз. 25. Штат АИШ-ы. 26. Дымгæйы бардуаг ирон адæмон сфæлдыстады. 28. Зылын. 29. Цъити. 33. Æфснайæн бынат. 38. Азиаг адæмыхатты минæвар. 39. Хæмпæлгæрдæг. 40. Къафетты хуыз. 41. Фæззыгон хизæнуат фыстæн. 42. Йæ амондагурæг. 43. Æнæарæн. 45. Зынаргъ, хæзна. 46. Дыргъ бæлас, дыргъ. 50. Цæттæ хъуымац. 51. Дуне нæ алыварс.

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

ТЪЕХТЫ Валентин

Сау зæрватыкк

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Тъехты Исахъ мæлæтдзаг цæфæй немыцы къухмæ бахауд. Уыдон æм куыддæр баввахс сты, афтæ дзы иуы фырмæстæй кардæй дзыхъмард фæкодта. Иннæтæ йын йæ къах-къухтæ фидар сбастой, йæ сæр ын дуртыл фæхостой, æрдæгмардæй йæ хæдтулгæмæ баппæрстой æмæ йæ аластой сæхимæ. Куы йæ фæцæйластой, уæд Исахъ, тыххæйты улæфгæйæ, немыцагæн афтæ зæгъы: "Æргуыбыр ма кæн (къухæй йæм ацамыдта), æмæ дын дæ хъусы цыдæр сусæгдзинад зæгъон". Уый йæм куыддæр йæ хъус бадардта, афтæ дын Исахъ йæ цыргъ дæндæгтæй йе знаджы хъус ацахста. Æмæ йын куыддæр йæ хурх сыскъуыдта, афтæ Исахъæн йе 'взонг уд уæларвмæ атахт æмæ абон дæр уырдыгæй хæрзмæ ауды Ирыстоныл. Сау зæрватыккæн та рарвыста уæларвæй ахæм ныхæстæ:

Сау зæрватыкк, атæх тагъддæр,
Ахиз бæрзонд хæхты сæрты,
Дæ фæндаг-иу акæн махыл,
Уым арвыстон ссæдз сæрды.
Афтæ-иу зæгъ мæхиуæттæн,
Нал фендзыстут уæ хъал фырты.
Хæцыдтæн, дам, мæхи фæндыл,
Ныр, дам-иу мæ фенут фынты.
Ноджы ма сын афтæ дæр зæгъ:
Исахъ "тутт" мард нæ акодта,
Бырста размæ, уарзта йæ зæхх,
Дæндæгтæй дæр хæцгæ кодта!
Баззайут ма сымах хорзæй,
Ма фæкалут мæныл цæссыг,
Бафсæдут мын мæнæу-хорæй,
Самайут мын ирон мæсыг.

28. 11. 2023

Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. Тел.: 8-989-037-18-04.

Номыры радхæссæг редактор — **Хъойбайты Галинæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.
Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайад: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3128. Заказ № 1483. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru